Ассаламу гIалайкум!

# ГЬУДУЛЛЪИ

БОЛЪИХЪ РАЙОНАЛЪУЛ ГАЗЕТА

№ 10 (9836) | 17 февраль | Рузман | 2017сон

# ГIУН БАЧIУНЕБ ГIЕЛ КУЦАЙ - КIВАР БУГЕБ ИШ



***МахIачхъалаялъул миллияб библиотекаялда 12 февралалъ тIобитIана гIун бачIунеб гIелалъе рухIиябгун патриотикияб тарбия кьеялда ва экстремизмалъулгун терроризмалъул идеологиялде данде къеркьеялда хурхараб Республикаялъулаб совещание. Нилъер райадминистрациялъул бетIерасул хIинкъи гьечIолъиялъул рахъалъ заместитель ГIабдулдибиров ГIабдулдибирица гьениб гьабуна кIудияб кIалъай.***

ХIурматиял республикаялъулаб совещаниялъул гIахьалчагIи!

Жакъа нилъеца рорхарал суалал, узухъда, кутакалда кIвар цIикIкIарал суалал руго. Гьединлъидал Болъихъ районалъул нухмалъиялъ хасаб кIвар кьолеб буго гIун бачIунеб гIелалъе рухIиябгун патриотикияб тарбия кьеялде ва экстремизмалъулгун терроризмалъул идеологиялде данде къеркьеялде. Гьел рехсарал суалал кидаго гьоркьор лъола районалда тIоритIулел АТКаялъул заседаниязда, батIи-батIиял собранияздагун форумазда, росабалъ тIоритIулел данделъабазда.

Гьанибго дие бокьун буго рехсей гьабизе бакIалъулал идарабаз ва диниял организацияз гьарулел цадахъал ишазул.

Дун мекъи кколаро гьеб хIалтIи нижер районалда щибаб къойилаблъун лъугьун бугилан абуни. 2010 соналдаса нахъе, лъагIалие цебеккунго гIуцIцIараб графикалда рекъон, щибаб анкьида хамиз къоялъ бакIалъулаб РВК «Ботлих» телевидениялда букIуна имамзабазул, районалъул ва республикаялъул машгьурал гIалимзабазул церерахъин, гьарула гьез вагIза-насихIатал исламалда, терроризмалда, наркоманиялда ва гьел гурел цогидалги темабазда хурхарал.

2016 соналъул сентябралдаса нахъе абуни, гьелго вагIза-насихIатал рахъула районалъул «Гьудуллъи» газеталъул гьурмаздаги. Гьединго «Гьудуллъи» газеталда рагьун руго рубрикаби «Антитеррор», «Дин ва гIумру» .

Щулияб динги ва гьелдехун лъикIаб бербалагьиги бугеб район буго нижер. Гьелъие нугIлъи гьабула районалда бугеб динияб 86 идараялъ: гьезда гьоркьоб 23 кIудияб мажгит, 43 авал мажгит,8 как балеб рукъ, 12 медресе. Гьенив цIалулев вуго 597 чи (школа рехун течIого). Гьединго районтун къватIив исламияб лъай кьолел учреждениязда цIалулев вуго 117 чи, Дагъистаналда-115 чи ва Чачан Республикаялда -2 чи.

Исламияб лъай босиялъе Республикаялда кигIанго гIатIидал шартIал ругониги, районалдаса 5 чи цIалулев вуго Иорданиялда ва 2 чи-Египеталда.

Болъихъ райцентралда буго 3 тукен исламияб литература бичулеб. Замазаманалдаса АТКялъул комиссиялъ хал гьабула гьениб бичулеб литератураялъул, исламалде данде кколареб, экстремизмалда хурхараб литература гьениб бичиялъул хIужаби ратичIо.

Терроризмалъул идеологиялде данде къеркьеялъулъ гьабулеб хIалтIулъ хIаракатаб гIахьаллъи гьабула районалъул культураялъулгун лъай кьеялъул идарабаз.

Араб 2016 соналда гьеб суалалда хурхараб 30-лдаса цIикIкIун тадбир тIобитIана. Араб соналъул март моцIалда «Нальчик-Подкова счастья» фестивалалда фольклорнияб кьурди гьабун, бергьенлъи щвана нилъер районалъул «Болъихъ» хореографическияб ансаблялъе. Гьебго коллективалъ гIахьаллъи гьабуна Республикаялъул «Цамаури» фестивалалда, гьениб конкурсалъул лауреатлъунги бахъана гьеб.

ГIадатлъун лъугьун буго районалда Зоя Абакаровалъул ва ГIумар Сиражудиновасул призалъе гIоло кIигояз гьабулеб лезгинка кьурдул республикалъулаб конкурс тIобитIи. Гьениб гIахьаллъи гьабула нилъерго районазул коллективаз гуребги, Чачан Республикаялъул мадугьалихъ бугеб Ведено районалъул коллективалъги.

Гьединго, Болъихъ бугеб Россиялъул халкъазул миллияб культураялъул Централда тIобитIана, школазул лъималги ахIун, Россиялъул БахIарчи МухIамад Нурбагандовасул, полициялъулазе гуребги, нилъее киназего мисаллъун лъугьараб гьунаралъул бицун бахIарчилъиялъул дарс. Районалда тIоритIулел киналго тадбирал нижеца рекъезарула Дагъистан цебетIеялъе «ХIинкъи гьечIеб Дагъистан», «Инсанасулаб капитал» приоритетниял проектазда хурхун» 2013-2018 соназе гIуцIараб комплекснияб планалда.

ЛъикIаб мисаллъун рикIкIине бегьула 2014 соналдаса нахъе районалъул школазда тIоритIулел дандчIваял, гургинал столал. Гьенир гIахьаллъула райадминистрациялъул, лъай кьеялъул управлениялъул, жанисел ишазул вакилзаби, мажгитазул имамзаби, республикалъул машгьурал теологал. Гьениб бицуна хIукуматалде ва халкъалъул рукIарахъиналде данде ккolареб терроризмалъулгун экстремизмалъул идеологиялъул. Гьел дандчIваял рихьизарула бакIалъулаб телевидениялдасаги. Гьенисаго рихьизарула терроризмалда данде къеркьеялъул темаялда фильмал, видеороликал, гьезда гьоркьобго «Работайте, братья» видеороликги. Гьединал тадбираз кквербакъи гьабула гIун бачIунеб гIел рухIиябгун патриотикияб тарбия кьун куцаялъе.

Гьединго, гIолилал мекъаб нухде ккечIого рукIиналъе, къваригIел гьечIел ишаздаса гьел рикIкIалъиялъе районалда гьоркьоса къотIичIеб пропаганда гьабула физкультуралъулгун спорталъул. Ресалин абуни гьелъие руго кигIанги гIатIидал. Районалда буго 27 спортзал (райцентралда-4) Араб соналъ нижеца тIоритIана гIемерал спортивно-массовиял тадбирал. Гьел хурхинарула ва тIоритIула Россиялъул БахIарзабазул, районалъул машгьурал гIадамазул призазе гIоло.

ГIадатиявлъун лъугьун буго, араб соналъ 7-абилеб нухалъ тIобитIараб, 2008 соналда Пекиналда Олимпиялъул хIаязда гIарцулав призерлъун вахъарав Юсуп ГIабдусаламовасул эркенаб гугариялъул турнир. Гьенир гIахьаллъула Азербайджаналдаса, Белоруссиялдаса, Узбекистаналдаса, Казахстаналдаса, Россиялъул батIи-батIиял регионаздаса спортсменаз.

Россиялъул БахIарчи ХIажимурад НурахIмаевасул цIаралда бугеб АнсалтIа школалъул лъималаз ккуна тIоцебесеб бакI 2016 соналъул сентябралда Анапа шагьаралда тIоритIарал «Президентские состязания» къецазулъ.

ГIун бачIунеб гIелалъе патриотикияб тарбия кьеялъулъ кIудияб хIалтIи гьабулеб буго районалъул рагъулгун захIматалъул ветераназул советалъ ва цогидалги общественниял организацияз.

Бокьун буго районалъул нухмалъулезул рахъалдаса кIудияб баркала загьир гьабизе Дагъистаналъул муфтиясул заместитель ***АхIмад Кахаевасе***, мугIрузул районазда муфтияталъул вакил ***ХIасан МухIамадовасе***, Хасавюрталъул исламияб институталъул ректор ***АхIмад ГIисаевасе*** нижер районалда гьабулеб тарбия-лъай кьеялъулаб хIалтIулъ гьез гьабулеб кумекалъухъ. Гьединго баркала буго ***НАК РФялъул, АТК РДялъул, Совбез РДялъул*** вакилзабазе, РДялъул бетIерасул мугIрузул районазда вугев вакиласе, ***Дагкомрелигиялъул, печаталъул Министерствоялъул, миллияб политикаялъул Министерствоялъул, гIолилазул ишазул Министерствоялъул, лъай кьеялъул Министерствоялъул, спорталъул Министерствоялъул*** хIалтIухъабазе къваригIаралъуб нижее гьабулеб кумекалъухъ.

Узухъда, гIоларел рахъалги камулел гьечIо, амма божи буго, киналго структураби цадахъ рекъон, гьел тIагIинариялда.

Нилъер киназулго аслияб масъала буго гIун бачIунеб гIел законалде данде кколарел ишаздаса цIуни.

***Баркала гIинтIамуралъухъ.***

# Динияб дарс

## ГIАГАРЛЪИ ХУРХИНЕ ГЬАБИЯЛЪУЛ ХIАКЪАЛЪУЛЪ ВАГIЗА

ЛъикIлъиялъги гIагарлъиялда гьоркьор лъикI рукIиналъги гIумру халат гьабулила, боцIи гIемер гьабулила (Аварагасул (с.т.гI.в.) хIадис.

ГIагарлъиялдехун букIине ккolеб адаб-хIурматалъул х1акъалъулъ Исламалъ гьабулеб гIадаб бицен цоги бокьараб диналъ яги хIукуматалъул законаз дунялалда инсан вижаралдаса гьабичIо.

Исламалъ буюрула бусурбабазда гIагарлъиялъулгун гьоркьоса къотIи гьечIеб хурхен гьабеян ва гьеб гьабичIел чагIазе букIине бугеб гIазабалъулги бицуна. Хирияб Къуръаналъул гIемерал аятазда бицен гьабулеб буго гIагарлъиялъулгун лъикIаб хурхен ккезе ккеялъул. «ТIадегIанав Аллагьас жиндир лагъзадериде амру гьабулеб буго гIагарлъи хурхине гьабиялдалъунги».ТIадегIанав Аллагьас жиндие кьуралда рекъон, гьел жинде хIажатаб жоялдалъун гьезие кумек гьабун, хасго мискинал ругони. Гьезие лъикIаб дугIа гьабун, унтарал шокълъарал ругони гьезде салам яги кагъат битIун рикIкIада ругони.

ИхIсаналде гъорлъе унеб буггониги, гIагарлъи хурхине гьаби ТIадегIанав Аллагьас батIаго рехсон буго Жинда аскIоб гьеб кутакалда кIвар цIикIкIараб, хирияб гIамаллъун букIиналъ. ГIагарлъи къотIизе гьаби хIарамаб буго, ТIадегIанав Аллагьасул ццим бахьин ва рокъоре рахIматалъул малаикзаби рещтIин къотIи жинца тIад гьабулебги буго.

ГIагарлъи хурхине гьаби ризкъи гIатIилъиялъе, гIумру халъиялъе сабаблъунги букIуна, бищунго хех амру-кири щолеб гIамаллъунги ккола.



*ХIасанов МухIамад гьавуна ва гIуна ТIандо росулъ. 2001 абилеб соналда цIализе ана Кизилюрталда бугеб мадрасалде. Гьениб кIиго лъагIелги бан витIана МухIачхъалаялда Сайфула къадиясул цIаралда бугеб Исламияб университеталде. Университет лъугIидал МухIамад тIамуна ТIандо росдал мажгиталда имамлъун.*

Свалат-салам лъеяв Аварагас (с.т.гI.в.) абухъе: «ГIибадаталъул бищунго кири хех щолеб гIагарлъи хурхине гьаби буго»,-ян.

Абула гьадинги: гIагарлъиялъул рахъалъ бищунго дуде гIагараб дур нафс буго, гьелъулгун гIагарлъи хурхине гьабиги, гьаглгъиялде ккезе биччачIого дуца гьеб цIуни бугоян. Садакъаялъул бищун хириябги гIагарлъиялъе кьураб.

Рехсараб лъабабго фиша-гIамал гьабеян амру гьабун хадуб, ТIадегIанав Аллагьас жиндир лагъзал нахъ чIвалелги руго лъабго пишаялдаса:

ТIоцебесеб - фахIишат буго, ай бицунеб рагIулъ букIаниги, гьабулеб фиша-гIамалалъулъ букIаниги, къабихIабщиналдаса, гьереси-мацIалдаса, гьибат-бугьтаналдаса, Ислам гIодобегIан гьабиялдаса, зина гьабиялдаса. ХIасил, ТIадегIанав Аллагьасдаги лагъасдаги гьоркьоб хIижаб-фардав ккезе гьабулел, Аллагьасде щвеялдаса жинца лагъ нахъ чIвалеб фиша-гIамал, фигIлу-къавлу-гьаб киналдего фахIишатин абула, гьелдаса нилъ нахъчIвалелги руго БетIергьанас.

КIиабизеги-ТIадегIанав Аллагьас жиндир лагъзал нахъ чIвалел руго мушкаралдаса, ай шаргIалъулъ, Расуласул (с.т.гI.в.) хIадисалъулъ жиб бачIинчIеб, бацIцIадаб гIакълуялъул бетIергьабаз, ай гьезул гIакълуялъ къабул гьабуларебщинаб жоялдаса. ХIасил, ТIадегIанав Аллагьасул цции бахьин щолебщиналдаса (Цо биценалъулъ буго).

ХIакъаб нухалда бугеб агьлу мекъаб-къосараблъун гьаби гIадаб, хIарамаб бидгIа баки гIадаб, гьаб заманалъул агьлуялъулъ бугеб гIадин, фитнаби тIаса рищун гьелда нахъ рилълъин гIадаб, хасго жал агьлулъунги гьечIел хIалалъ Тасавуфалъул агьлуян дагIба бай гIадаб-гьал киналго фишаби мункаралдаса ккола.

Лъабабизеги-ТIадегIанав Аллагьас жиндир лагъзал нахъ чIвалел руго багьюялдаса, ай гIадамазда зулму гьабиялдаса, гьездехун сабабго гьечIого квешал къасдал, тIадецуял гьариялдаса, хадур лъугьун гIадамазул гIайибал ралагьиялдаса, гьезда нахъасан гьибат гьабиялдаса. ХIасил, кафсанияб сифатаздалъун багъарулеб кинаб букIаниги квешаб, гIадамазе заралияб тIабигIат-гьеб ккола багью.

Свалат-салам лъеяв аварагасги (с.т.гI.в.) абуна: «Цо мегIералъ цогидаб мегIералда зулму гьабулеб букIарабани, ТIадегIанав Аллагьас жинца зулму гьабураб мегIералдасан къисас босизе букIанилан». Гьединго абун буго свалат-салам лъеяв Аварагас (с.т.гI.в.) «ЗулмучагIи ва гьезул кумекчагIи жужахIалъул гьаби руго»,-ян.

Гьаб нилъеца бицен гьабула бугеб аят жинда жаниб лъабго амруги лъабго нагьюги бугеб, кутакалда кIвар бугеб, ай гIемераб баян жиндилъ бугеблъун ккола, хIатта гIалимзабаз абуна: Къуръаналда букIинчIебани гьаб аят гурони, гIицIго гьеб гIелаан кинабниги лъикIлъиялдалъун амру гьабулеблъунги ва кинабниги квешлъиялдаса нагью гьабулеблъунги, ай нахъчIвалеблъунги. Аяталъул ахиралдаги абулеб буго ТIадегIанав Аллагьас: «Нужеде лъикIабщиналдалъун амруги квешабщиналдаса нагьюги гьабулеб буго, нужеца къабул гьабун гьелда гIамал гьабизе гIоло»,-ян.

ТIадегIанав Аллагьас нилъ киназего квербакъаги гIагаралбожарал чагIигун хурхен лъикI гьабизе.

---

### ЦIалдохъабигун дандчIвай

**Гьал къоязда районалъул имамасул заместитель ХIусен Расулов дандчIвана:**



**Школа-интернаталъул цIалдохъабигун.**

*Гьес бицана исламалъул игIланалда нахъги рахчун терроризм цебетIезабулел цо-цо къавмал рукIин. Жидерго нахъегIанаб фиша хIалтIизабулаго гьел чагIаз кIудияб зарал гьабулеб букIин халкъалъеги, исламалъеги. Бицана гьеб заралияб унтуде данде цадахъ лъугьун къеркьезе ва гьелдаса цIунизе ккеялъул.*



**Болъихъ №3 гьоркьохъеб школалъул 9-11 классазул цIалдохъабигун.**

Гьениб гIахьаллъи гьабуна школалъул директор Шамхалова ПатIиматицаги.

ХIусен Расуловас бицана цIалдохъабазе эбел-инсул, мугIалимзабазул, чIахIиязул, цадахъ цIалулезул, сверухь ругел гIадамазул ва тIабигIаталъул адаб гьабизе ккеялъул. Гьеб исламалъ бихьизабураб берцинаб нух букIиналъул

Гьединго ХIусен Расуловас бицана терроризмалъул, экстремизмалъул, гьелдаса бугеб балагь-заралалъул. Данделъиялъул ахиралда цадахъ лъугьун гьарана ТадегIанав Аллагьасда Дагъистаналдагун тIолабго дунялалда ракълилаб гIумру.



**ДЮСШ-ялъул лъималгун**

*Гьеб дандчIваялда борхараб аслияб суал букIана «Как ва гьелъул бугеб кIвар».*

*ХIусен Расуловас лъималазе баян гьабуна какделъугьиналдетIуразе кколел какил шуругIазул ва какда жанир тIуразе кколел арканазул. БичIчIинабуна рукну камуни как тIубалареблъи. Бицана какил арканал кинал рукIунелали ва лъай щула гьабизе гьездаго цIехана арканазул хIакъалъулъ.*

# — АЗАРАБГО БАРКАЛА —



Дие бокьун буго, нужер газета гьоркьоб ккун, Микрорайоналда бугеб «Солнышко» ясли ахалъул хIакъалъулъ хъвазе. Гьеб хъвазеги дун тIамуна гьеб ясли-ахалда дирго яс-ПатIимат йикIиналъ.

ТIоцебесеб группаялда яс щвезайидал дида гьенир хIалтIулел ратана ГъалбацIова Гьадигат, Сагитова Ашрап ва Меджидова Сабират. Гьеб заманалда, бицараб бичIчIаниги, лъимералда гьабизе бегьулебги бегьуларебги жо батIа бахъизе жеги гьезда лъалароан. ЦохIо нухалъ бегьуларилан абураб жо ракIалда чIезабизе лъимералъул гIакълу жеги цIубараб букIунаро. Гьез цIубараб гIакълу жеги букIинчIел лъималазда малъана гьабизе бегьулебги бегьуларебги батIа бахъизе кколебщинаб жо. Ана лъагIел. Дир яс ячана тIасияб группаялде. Гьеб группаялда хIалтIулел ратана воспитателал ХанмухIамадова ПатIимат, Къурбанова Мадина ва ада (няня) ХIажиева Мадина. Гьез хIаракат бахъана лъималаздехун хIеренаб калам букIинабизе, малъана жидедаго гьоркьоб кинаб хьвада-чIвади гьабизе кколебали, бисмиллаялдаса кванде квер бегьизе кколеблъи,



рухIчIаголъабаздехун лъикIаб бербалагьи гьабизе кколеблъи, сурун бугеб жо сурун бихьизабизе, гьереси бицин, чIухIдари, рекъеч1ел пишаби рук1ин, чIахIиязул, хасго эбел-инсул адаб гьабизе кколеблъи. Гьез гьединал тадбиразулъ жигар бахъула жалго мисалияллъун рихьизаризе лъималазда цере

ЦохIо праздник гьоркьоб толароан гьез рохалилаб къагIидаялда тадбир гьабичIого.

Масала, ЦIияб соналъул тадбиралдаса байбихьун «День воспитателя», «Золотая осень», «День матери», «День защиты детей», Мавлидалъул моцIалъ малъулаан лъималазда мавлид ахIизе, рихьизарулаан гьел нилъерго телевидениялдасаги. Гьез гьединал тадбиразулъ гIахьаллъи гьабизе гьенире ахIула гьитIичазул улбулги.

Гьанибго рехсечIого гIоларо гьеб коллективалъе нухмалъи гьабулей Загьра Къурбандибировалъулги, медсестра Мисиди Ибрагьимовалъулги цIарал.

Дие бокьун буго гьезие киназего азарабго баркала кьезе хасго, гьел дир ясалъул воспитателазеги-



адабазеги(няня). Кьеги гьел киназего щулияб сахлъигун халатаб гIумру.

**ГIайна ГIабдурахIманова**



### К СВЕДЕНИЮ НАЛОГОПЛАТЕЛЬЩИКОВ ЮРИДИЧЕСКИХ ЛИЦ!

Межрайонной ИФНС России №12 по РД выявлены многочисленные случаи несоответствия адресов, содержащихся в федеральной информационной адресной системе (ФИАС), с данными, указанными юридическими лицами в регистрационных документах, т.е. имеются факты регистрации 10 и более юридических лиц по одному адресу из за отсутствия в регистрационных документах данных лиц полного адреса (нет улиц и/или номеров домов).

В целях обеспечения достоверных сведений об адресах юридических лиц (с указанием улиц и домов), и исключения фактов регистрации юридических лиц по «массовым» адресам, руководителям юридических лиц Ботлихского района, необходимо в кратчайшие сроки представить в налоговую инспекцию Заявление о внесении изменений в ЕГРЮЛ по форме 14001 с указанием полного адреса места нахождения юридического лица.

## СВИНКА
*(паротит эпидемический)*



**Свинка (эпидемический паротит) - это детская инфекция, поражающая околоушные слюнные железы, которые располагаются за ушами. Железы припухают, и лицо принимает характерный вид.**

К прочим симптомам относится головная боль, боль в суставах и высокая температура. Симптомы могут появиться за несколько дней до опухания околоушных желез.

Если вам кажется, что вы или ваш ребенок заболели свинкой, вызовите врача на дом. Не посещайте самостоятельно поликлинику, чтобы не подвергать риску заражения других людей. Врач поможет отличить симптомы свинки от проявлений других заболеваний, например, инфекционного мононуклеоза и ангины.

Эпидемический паротит (свинка) заразное заболевание, восприимчивость к нему у людей очень велика. Однако передача болезни на большие расстояния не возможна. Для заражения нужен непосредственный контакт с больным свинкой или пребывание с ним в одном помещении. После болезни формируется стойкий пожизненный иммунитет, то есть заболеть повторно практически не возможно. Свинка наиболее распространена среди людей в возрасте от 2 до 25 лет, как у мужчин, так и у женщин. После 40 лет заболеваемость снижается. До 2 лет у детей обычно активны защитные антитела, которые они получают от матери.

В связи с введением массовой вакцинации от паротита заболеваемость у детей снизилась, а у взрослых - несколько повысилась. Это связано с особенностями иммунитета: после вакцинации иммунитет ослабевает через 5-7 лет, и человек вновь оказывается уязвим для вируса паротита.

Свинка может распространяться так же, как простуда и грипп - через зараженные вирусом капельки слюны, которые в дыхательные пути. Для профилактики эпидемического паротита существует вакцина. Согласно Национальному календарю профилактических прививок вакцинацию против паротита проводят всем детям по достижению 12 месяцев при отсутствии противопоказаний. Второй раз от эпидпаротита прививают в 6 лет. По эпидемическим показаниям (в случае возникновения массовых вспышек) от свинки прививаются и в более старшем возрасте. При риске заражения, можно вводить вакцину от паротита в течение 72 часов после контакта с больным человеком.

В настоящее время лечения от свинки не существует, но болезнь должна пройти сама в течение одной-двух недель. Лечатся только симптомы. Лечение включает в себя прием обезболивающих, такие как ибупрофен и парацетамол, а также теплый или прохладный компресс для облегчения боли в опухших железах.

Паротит обычно проходит, не причиняя существенного вреда здоровью. Тяжелые осложнения бывают редко. Однако если вирус попадет во внешний слой головного мозга, свинка может вызывать вирусный менингит. К прочим осложнениям относится опухание яичек или яичников у подростков, достигших половой зрелости и у взрослых.

Симптомы свинки

Симптомы свинки обычно появляются на 14-25 день после заражения (время от заражения до появления симптомов называется инкубационным периодом). Средний инкубационный период составляет примерно 17 дней.

Наиболее распространенный симптом свинки - опухание околоушных желез. Околоушные железы - это парные железы, которые отвечают за выделение слюны. Они расположены по бокам головы под ушами. Обычно опухают обе железы, хотя иногда может опухать только одна. Опухание может вызывать боль, болезненную чувствительность и трудности при глотании. Более общие симптомы обычно появляются за несколько дней до опухания околоушных желез, это:

- ***головная боль;***
- ***боль в суставах;***
- ***тошнота;***
- ***сухость во рту;***
- ***слабая боль в области живота;***
- ***повышенная утомляемость;***
- ***отсутствие аппетита;***
- ***повышение температуры до 380 С или выше.***

Примерно у одного из трёх заболевших симптомы не проявляются вовсе.

**Эпидемиолог: Алиева М.А.**

# ЛЪИКIАЛ ХIАСИЛАЛ РИХЬИЗАРУНА







Гьал къоязда Каспийск шагьаралда ГIали ГIалиевасул цIаралда бугеб Спорталъул кIалгIаялда тIобитIана Олимпийский чемпион Загьалав ГIабдулбеговасул призалъе г1о-ло эркенаб гугариялъул рахьалъ республикаялъул чемпионат.

Бицен гьабулеб чемпионаталъул аслияб хаслъилъун букIана халкъалда гьоркьосеб спорталъул федерациялъул цIиял правилабазда (FIL) гьоркь тIобитIи.

Микьго категориялъул-57,61, 65, 70, 74, 86, 97 ва 125 кг. цIайиялда цеве вахъарав 250 гугарухъанас балагьизе рачIаразе унго-унгояб гугариялъул камиллъи бихьизабуна.

КIиго къоялъ халат рахъарал хIалуцарал къеркьеязул хIасилазулъ пьедесталалде кIицI-кIицIулги рахана Болъихъ районалъул спортсменал.

**ТIоцебесеб бакIалъе мустахIикълъана:**

*57 кг. цIайиялда*-**АнсалтIа росулъа ГъазимухIамадов СагIид**.

*70 кг. цIайиялда*-**АнсалтIа росулъа Муслимов Муртуз.**

**КIиабилеб бакI:**

*65 кг. цIайи*- **ГIалахъ росулъа ГIабдурашидов Рустам.**

*97 кг. цIайи*-**Беледи росулъа Къурбанов МухIамад.**

**Лъабабилеб бакI:**

*74 кг. цIайи*-**Чанхъо росулъа ДибирхIажиев МухIамад.**

*61 кг. цIайи*-**РахатIа росулъа Гъайирбегов ЖабрагIил.**

Киналго чемпионал ва призерал мустахIикълъана 5-7 маялъ Хасавюрт шагьаралда тIобитIизесеб Северо-Кавказскияб федералияб округалъул чемпионаталде путевкабазе.

Баян гьабизе бокьун буго тIадехун рехсарал гугарухъабазе байбихьул спортивияб махщел щвана Болъихъ районалъул спортивияб школалда.

Спорт цебетIеялъе ва материально-техническияб база щула гьабиялъе кIудияб кIвар кьолеб буго Районалъул бетIер МухIамад ПатхIулаевас. Гьединго районалъул бетIерас лъикIаб хIасил бихьизабурав спортсменасе бихьизабун буго гIарцулаб премияги.

**Лабазан ЛАБАЗАНОВ,**
*АнсалтIа ДЮСШялъул директор*

# ШАХМАТАЗУЛ ТУРНИР ТIОБИТIАНА





Дагьал церегIан къояз Зило росдал гьоркьохъеб школалда тIобитIана Ленинградалъул блокада бахъараб къоялда хурхун шахматазулгун шашкабазул турнир.

Гьениб гIахьаллъи гьабуна мугIалимзабазгун цIалдохъабаз. Кинабниги букIана анкьго тур. Къецал рукIана швейцариялъулаб системаялда рекъон.

Турнир рагьана Зило росдал гьоркьохъеб школалъул директор Насиб Сагитовас.

-900 къоялъ Ленинград шагьаралъул гIадамаз ва Советияб армиялъул солдатаз цIороялдеги хинлъиялдеги балагьичIого цIунулеб букIана шагьар. Гьенир бахIарчиго къеркьолел рукIана нилъер ватIаналъул щибаб миллаталъул вакилзаби. Гьезул гIемерисез гIумруги кьуна нилъер эркенлъиялъе гIоло.

Рагьул къеркьохъанасул бахIарчилъи чIаго цIуни - гьеб ккола нилъер ракIалде щвей.

ЧIаго рукIадго нилъеда гьел кIочон тезеги гьечIо. Жакъасеб турниралъги нугIлъи гьабулеб буго щивго кIочон гьечIолъиялъе, щибго кIочон гьечIолъиялъе.

Гьелдаса хадур байбихьана къецал.

***ЧIахIиял классазул цIалдохъабазда гьоркьор бергьенлъи босана:***

*1 бакI* Темирханова Маржанат.

*2 бакI*-МухIамадов ГIумар

*3 бакI*-ХIусенова Асият

***ГIиссинал шахматистазда гьоркьор:***

*1бакI*-**ГIабдулаев Марат**

*2 бакI*- **ХIажиев ГIабдула**

*3бакI*-**ГIабдулаев ГIабдушагьид.**

***МугIалимзабазул къецазулъ Руччабазда гьоркьор бергьана:***

*1 бакI*- **МухIамадова ПатIимат (старшая вожатая)**

*2 бакI*-**Рамазанова ПатIимат (байбихьул классазул мугIалим)**

*3 бакI*-**Расулова Макка (рахьдал мацIалъул мугIалим)**

***Бихьиназда гьоркьор:***

*1 бакI*-**МухIамадов Насиб (историялъул мугIалим)**

*2 бакI*- **МухIамадов АсхIаб (физкультураялъул мугIалим)**

*3 бакI* - **МухIамадов ГьитIинмухIамад (школалъул хъаравул)**

Бергьаразе медалал кьуна физкультураялъулгун спорталъул ва гIолилазулгун туризмалъул отделалъ. Гьединго школалъул администрациялъ кьуна къиматал шапакъаталги.

**Ж. АхIмадудинова**

Болъихъ районалъул къасисеб школаялъ Мусаева Хадижат МухIамадхIажиевналъул цIаралда 2005 соналъ кьураб аттестат Б3688740 билун буго.
***Гьеб гьанжеялдаса нахъе хIакъикъияб гуреблъун рикIкIуна.***

БетIерав редактор *ГI. ГIумаханов*

## МУТIАЛИПОВ ГIАБДУЛМУТIАЛИП



11 февралалъ къадаралде щвана гIадатияв, гIаданлъи бугев, чIухIипахрулъи гьечIев, къваригIаралъув кумекалъе хIадурав инсан ГIабдулмутIалип.

МутIалипов ГIабдулмутIалип ГIабдулзагьирович гьавуна 1954 соналъул 26 марталда АнсалтIа росулъ. ГIагараб росулъ 10 классги лъугIун 1972 соналъ цIализе лъугьана МахIачхъалаялъул строительнияб техникумалде ва 1975 соналъ лъугIизабуна техник-строитель махщелги щун. Гьебго соналъ хIалтIизе лъугьана Болъихъ Ромстройучасткаялде мастерлъун. Гьениса ана армиялде. 1977 соналъ рагьулаб борчги борхун тIад вуссун хадув хIалтIана «Прогресс» заводалда, Болъихъ ХДСУялда, «Серпантин» кооперативалъул председательлъун. 2006 соналдаса нахъе гьев хIалтIана райадминистрациялъул бетIерасул заместительлъун. Кив хIалтIаниги гьев вукIана жавабчилъи бугев, ракIбацIцIадав, кидаго гIадамазул мурад тIубазе хIадурав инсан. Иншаллагь, гьединавлъун гьев хутIила нилъер ракIазулъги.

Хварасе алжанги кьеги, гьесул хьизан-агьлуялъе халатаб гIумруги щулияб иманги кьеги.

## ГIАБДУЛАЕВ ГIУМАР-АСХIАБ



Абакар-ХIажил вас ГIумарасхIаб ГIабдулаев лъаларев чи районалда вукIун ватила-ро. ГьитIинаб къоялдаса нахъе диналда тIадчIарав, гIаданлъи чорхолъ бессарав гьев вукIана гIажаибго гIадамал тIаде цIалев, вихьизеги бер чIвазеги вокьулев инсан.

Аллагьас къурал къоял тIагIун 12 февралалъ абадиялъего къанщана гьес берал. Какуна нилъее гьесул вагIза-насихIат, гIакьилаб калам.

ГIабдулаев ГIумар-АсхIаб Абакарович гьавуна 1961 соналъул 31 октябралда Болъихъ росулъ. Школаги лъугIун, 1981 соналъ рагьулаб борчги борхун вачIарав ГIумар-АсхIаб цIализе ана Имам Шамилил цIаралда бугеб Исламияб институталде ва гьелдаса нахъе гьес жиндирго къокъабго гIумру хурхинабуна исламалда, гьеб цебетIезабиялда. Гьесул вагIза-насихIатаз ахIана битIараб нух ккун хьвадиялде, батIулаб рикIкIад гьабун, хIакъаб тIаса бищиялде.

Аллагьас алжан насиб гьабун вохизавун ватаги гьев, нахъа ругезе иманги сабруги кьеги.

**Райадминистрация, депутатазул Собрание, РДялъул Халкъияб Собраниялъул депутат.**